



Site Jerizalèm, Wout Nasyonal #6, Kafou Lacho, Petitans, Okap Ayisyen, Ayiti
Email. biwo@p4hglobal.org
Tel. (509) 28 10 72 17

15 Janvye, 2024

Atansyon: Tout Direktè, Pwofesè ak Manm k ap Soutni Edikasyon an Ayiti

Chè Edikatè Ayisyen yo,

Se avèk yon kokennchenn plezi nou menm, P4H Global, n ap anonsé lansman twazyèm edisyon **Konkou Pwofesè Nasyonal Ane a an Ayiti**, ki se PwoNA! An patenarya ak Fondasyon Digicel, P4H Global ap ofri \$11,000 Dola Ameriken kòm prim pou 10 pwofesè ekselan toupatou nan peyi a. P4H Global se yon òganizasyon ki pa baze sou fè lajan e ki déjà fòme plis pase 10,000 pwofesè nan tout peyi Dayiti. Aktyèlman la nou déjà ap fòme pwofesè ki twouve yo nan 10 departman nan peyi a. Aprè plis pase dizan nan fè fòmasyon pou pwofesè Ayisyen, nou vin rive reyalize ansèyman ta dwe pwofesyon ki pi enpòtan nan peyi Dayiti epitou yo ta dwe leve tèt pwofesè yo byen wo epi fè gran fèt pou yo pou kontribisyon yo nan sosyete Ayisyen an.

17 Me 2021 an, nou te selebre premye edisyon Pwofesè Nasyonal Ane a nan P4H Global, se te yon bagay enkwayab! Plis pase 30 òganizasyon nan domèn edikasyon ki te sòti nan tout kwen peyi a te la ak nou pou selebre okazyon san parèy sila a. Nou te onore 10 finalis nou yo atravè bèle mo reprezantan nan gouvènman an ak plizyè inivèsite te pwononse, ak chante timoun yo te chante epi Atis Jean Jean Roosevelt. Daprè Ministè Edikasyon an, prim sa se prim ki pi fòmidab nan ansèyman an Ayiti. Li selebre kontribisyon nan tout kote nan peyi a, pandan li fè pwomosyon pou pwofesyon anseyan an nan kilti ak sosyete Ayisyen an. Nou ta renmen envite “OU MENM MENM” vin patisipe nan inogirasyon gran evènman sa!

Seleksyon PwoNA a ap gen pou fèt nan yon pwosesis ki gen 4 etap ladan I.

- Premye Etap – Deziyasyon:** Yon òganizasyon edikatif, yon pwofesè, oubyen yon direktè an Ayiti ka chwazi nenpòt pwofesè ki kalifye pou deziyen li. Deziyasyon yo byen senp epi yo ka fèt pa yon apèl nan biwo P4H la oswa ranpli yon fòm sou entènèt. Tout pwofesè ki kalifye ap jwenn yon invitasyon pou soumèt yon aplikasyon. (Li nan pati anba a pou jwenn kalifikasyon yo).
- Dezyèm Etap – Aplikasyon:** P4H ap kontakte tout kandida ki kalifye yo epi mande yo pou yo soumèt yon aplikasyon ki konplè. Ekip P4H la ap itilize yon ribrik pou idantifye 5 finalis nan chak departman (50 pwofesè pou peyi a). Pwofesè sa yo ap kontinye nan twazyèm etap la.





3. **Twazyèm Etap** - Entèvyou yo: P4H gen pou kontakte 50 finalis yo ki gen aplikasyon ki meyè yo epi mande yo yon entèvyou nan telefòn. Aprè entèvyou a, P4H ap itilize yon ribrik pou identife yon finalis pou chak depatman. 10 finalis an total ap reprezante peyi Dayiti.
4. **Seleksyon ak Seremoni pou Resevwa Prim nan** – N ap gen pou nou anonse epi selebre 10 moun ki genyen nan chak depatman peyi a. Yo chak la ap resevwa 1 000 Dola Ameriken kòm prim ak yon twofe epi yon sètifica. Y ap jwenn envitasyon yo tou nan yon gwo seremoni pou resevwa prim yo, kote n ap tou anonse Pwofesè Nasyonal pou Ane a epi n ap onore li. PwoNa a ap resevwa 2 000 Dola Ameriken ak yon twofe.

Pou ou ka chwazi yon moun pou deziyen, souple rele nan nimewo sa (509) 2810 7217 pou soumèt kandida w la oswa ranpli fòm nou gen sou entènèt la pou aplikasyon an sou sit nou ki se:

<https://p4hglobal.com/pwona>. Epi nimewo 4371 63 07 ak 4465-8129 rezève pou pwofesè enterese ki antre an kontak dirèk pou deziyasyon yo. **Dat limit pou depoze kandidati yo se 8 Mas 2024.**

Pou yon pwofesè kalifye li dwe:

1. Gen yon pasyon pou edikasyon nan Ayiti
2. Gen twazan (3) eksperyans nan ansèyman omwen
3. Yon pwofesè kap travay nan yon klas an plen tan
4. Anseye nan lekòl fondamantal oswa nan segondè
5. Pase plis tan nan jounen lekòl la nan enstriksyon dirèk elèv yo
6. Gen bonjan kalite moral. Yo pat angaje, osinon pa pral angaje yo nan okenn seri zak ilegal.
7. Gen plan pou kontinye nan pwofesyon ansèyman an pandan senkan (5) ankò
8. Nan moman seremoni an, pwofesè a bezwen abite nan depatman I ap reprezante kòm yon finalis.

Nou pa ka tann pou nou onore pwofesè pa w la nan ane lekòl sa!

Aksepte, Chè Edikatè, avèk tout respè nou gen pou ou pi bèl salitasyon nou.

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Bertrhude Albert".

Bertrhude Albert, Ph.D.
PDG / Ko-fondatris
P4H Global

